ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№102 (21.760) ● 2010 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 2, бзрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

# Гъунэгъу зэхохъу

**Мэкъуаугъуэм и 8 - 9-хэм Москва Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федераци эмкІэ и Советым щрагъэкІуэкІынущ. Ищхъэ Палатэм щышхэм щыгъуэзэ зыхуащынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм ящыщ зым.**

ЯПЭ МАХУЭМ абы щекІуэкІынущ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узыншагър хъумэнымкІэ, промышленнэ политикэмкІэ, щІалэгъуалэмрэ туризмэмрэ я Іуэхухэмкіэ, щэнхабзэмкІэ комитетхэм я зэІуцІэхэр. Абыхэм хэтынущ КъБР-м и къэрал властым и Іуэхущ Іапіэхэм я лЫыкІуэхэр. Лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьынущ КъБР-м и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм зегъэужьыным теухуа Іуэхухэм. Абыхэм ящыщ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и лэжьыгъэ зэтегъэувэжьным, демографие политикэм, турист-рекреацэ Іэнатіэм теухуахэри. Апхуэдэу гулъытэ зэхуэхуащынущ республикэм и щэнхабзэм зегъэужьыным кьэралыр щІыгъкъуэм хуэхъунми.

ЗэІущІэм хэтынуэр хэплъынущ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэм я щІэныгъэм Федераци эмкІэ Советым щыхагъэхъуэным теухуа Іуэхухэр зэтрауху энымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэми. КъБР-м и къэрал властым и Іуэхущ Іапіэхэм я лЫыкІуэхэр Федераци эмкІэ Советым Аграр-ерыскъыпхъэ политикэмрэ бдзэжьей Іэнатіэмкіэ и комитетым хэтхэм. Апхуэдэу КъБР-м и Правительствэмрэ Парламентымрэ я Аппаратхэм я унафэщІхэр Федераци эмкІэ Советым и Аппаратым и кІуэлъхущІэ нэхъыщхьэхэм епсэльэнущ.

Мэкъуаугъуэм и 9-м КъБР-м и махуэхэр къыщІэуахын и пэ кьихуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лЫыкІуэхэр иригъэблагъэнущ Федераци эмкІэ Советым и Унафэщ Миронов Сергей. Федераци эмкІэ Советым и унэм и яп къатым махуэхэр къыщыщІэуахІэ концертыщхэу щатынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэзджэм и лэжьакІуэ цІэрыІуэхэм. Мыбдеж щагъэпэсрыдэнущ республикэм и промышленностымрэ АПК-мрэ яІэ ехьуэлэныгъэхэр, апхуэдэу абы и турист-рекреацэ Іэнатіэм зегъэужьыным кІэ бгъэдэтэ зэфІэкІыр. Абы кьырихьэлІэхэм зыщагъэгъуэзэнущ КъБР-м и пІэнкъэм я щэнхабзэм, щІыхубзм къыдекІуэкІ Іэщ Іагъэхэм, н.къ.

Шэджагъуэм къыщІэуахынущ Федераци эмкІэ Советым и зэІущІэр. Абы къыщыпсэльэнущ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсенрэ Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануаррэ. ЗэІущІэм хэтынуэхэм я мурадщ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зиужьынымкІэ къэралыр къыщрадзэнымкІэ Іуэхухэм» Федераци эмкІэ Советым и унафэ къащтэну. НужькІэ КъБР-м и лЫкІуэхэм къратынущ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федераци эмкІэ и Советым и ЩІыхь тхылъхэмрэ Федераци эмкІэ Советым и Унафэщым и фІыщІэ тхылъхэмрэ.

Жубзыхуэ Іуэху псори зэфІэгъэкІа нужь, Миронов Сергей, Кьанокъуэ Арсен, Чеченов Ануар сымэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап иратынущ.

**ХЬЭПЭ Маринэ.**

**«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхухі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 19 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1.«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхухі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 19 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэзыкІи, Іэ щІидзын икІи цІыхуэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2010 гъэм накьыгъэм и 26-м*
*№382-П-П*

**«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхухі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 19 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ*
*2010 гъэм накьыгъэм и 26-м*

«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхухі» 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №71-РЗ-м и 19 статьям и пункт 13-м кьару имыІэжу къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2010 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м*
*№40-РЗ*

**Ди газетыр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ**

*Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!*

**Фигу къыдогъэкІыж 2010 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.**

**Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэпІейкІи 10-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапіэ псоми.**

**Ди индексыр 51531**



**Хьыбар гуауэ**

**И ныбжьыр ильэс 78-м иту дунейм ехыжащ урысей усакІуэ гъуэзэдж Вознесенский Андрей. Абы и Іэдакъэщ Іэкі Іхэм ди къэралым и щІэблэ куэд щІапІыкІащ. Иужь зэманым Вознесенскэр сымаджэ хьэдэ хъуат.**

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий дунейм ехыжам и Іыхьлыхэм яхуэгъэзащ.

**Аргуэру зэхъуэкІыныгъэхэр**

**УФ-м финансхэмкІэ и министр Кудрин Алексей жиІащ Правительствэм мы гъэм и бюджетым зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэну зэримурадыр.**

Абы кьишэнущ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуаутІыпщ ахьыщэм кІэрагъэкІныр. Арцхъэкіэ, кьулыкъущІэм и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ахъшэр зыхуахагъэхъуэн Іэнатіэхэри щыІэщ.

**ИкІуэтыну и мурадкъым**

**Израильм и унафэщІхэм иджыблагъэ кьэхъуэмкІэ езыхэм заГъэкъуаншэркьым.**

Абыхэм жаІащ Палестинэм кІуэ кьэхъхъэр дяпэкІи «къыз эгъагъэувыІэну» зэрамурадыр. Абы щыгъуэми десантникэр псапащІэ Іуэхукіэ ерыскьыхэкІхэмрэ хьэпІыщІпхэмрэ палестинхэм яхуэзышІэ кьэхъым щытеуам зэкІуэдам и бжьыгъэ зыхуэдизымкІи зрагъэувымысыгъкым.

Анкарарэ Тель-Авиврэ я зэхущытыкІэр нэхъри зэщІопльэ.

**Псыдзэхэм я зэман**

**Атлантикэм и Іуфэм кьыщІихьащ жьыщІхэм псыдзэхэр кьыщІрихьжьэ лъхъэнущ.**

Ар хуабжьу зэман гуГъущ кьэрал зыбжанэм я кІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Атлантикэм и Іуфэхэм щопсэу американ мелуан 34-рэ. Абыхэм зыщІахъумэн хуей хъунущ псыдзэ 14 - 20-хэм я удынхэм.

**ИкІуэтыну и мурадкъым**

**Израильм и унафэщІхэм иджыблагъэ кьэхъуэмкІэ езыхэм заГъэкъуаншэркьым.**

Абыхэм жаІащ Палестинэм кІуэ кьэхъхъэр дяпэкІи «къыз эгъагъэувыІэну» зэрамурадыр. Абы щыгъуэми десантникэр псапащІэ Іуэхукіэ ерыскьыхэкІхэмрэ хьэпІыщІпхэмрэ палестинхэм яхуэзышІэ кьэхъым щытеуам зэкІуэдам и бжьыгъэ зыхуэдизымкІи зрагъэувымысыгъкым.

Анкарарэ Тель-Авиврэ я зэхущытыкІэр нэхъри зэщІопльэ.

**Псыдзэхэм я зэман**

**Атлантикэм и Іуфэм кьыщІихьащ жьыщІхэм псыдзэхэр кьыщІрихьжьэ лъхъэнущ.**

Ар хуабжьу зэман гуГъущ кьэрал зыбжанэм я кІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Атлантикэм и Іуфэхэм щопсэу американ мелуан 34-рэ. Абыхэм зыщІахъумэн хуей хъунущ псыдзэ 14 - 20-хэм я удынхэм.

**♦ Италие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - республикэр кьыщызрагъэпэщащ махуэщ (1946).

♦ Илъэс 90 и пэкІэ (1920) дипломатие зэхущытыкІэхэр зэхуэгъэуващ РСФСР-мрэ Тыркумрэ.

**♦ Байконур космодромым и махуэщ**

♦ Мэкъуаугъуэм и 2 - 18-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ Лэжьыгъэм и дунейпсо зэгугъэныгъэм и Конференц Нэхъыщхьэм и 99-нэ сессиер.

♦ Мэкъуаугъуэм и 2 - 6-хэм Нью-Йорк щекІуэкІынущ ЩІэныгъэм и 3-нэ дунейпсо фестивалыр.

♦ Мэкъуаугъуэм и 2 - 14-хэм Австрием щекІуэкІынущ 57-нэ Сидней кинофестивалыр.

*ПІалэмэр зыхъуэгъэмрэр ИУАЗ Мухьэмэдщ.*

**Лъэпкъ Іуащыгъэ:**

**Гум илъыр фэм къеІуатэ.**

**●КъБР-м и Парламентым**

# Мылъку нэхъыбэ хуейщ

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэр ердІуащ Налшык къалэ округым и щІыхуэр кьхьэх икІи ныкъуэкъутэ хьуа псэуплІэхэм къыщІагъэкІыурэ яГъэІэпхъуэным и Іуэхур зэрекІуэкІым теухуауэ ухуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ министр Абрэдж Іэдибрэ щыхьэрым и щІыпІэ администрацым и Іэтащхьэм и яп къуэдзэ Сорокин Владимиррэ жаІам.**

2006 ГЪЭМ и щІышылэм Налшык къалэм унэ 207-рэ ущыпсэу мыхъуну кьыщІатыпуэ щытащ.

Абрэдж Іэдиб зэрыжиІамкІэ, 2009 гъэм я мурадащ апхуэдэ унэ 56-м щыпсэухэр яГъэІэпхъуэну. Абы папщІэ Псэуплэ-коммунальнэ Іэнатіэм и Іэнэпсыкіэр зэхъуэкІыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымкІэ фондым сом мелуан 259-рэ кьэхуиутІыпщыну щыгугъыт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетми ахъшэ кьыхахын хуейт. Ауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зы псэуплІэ метр зэбгъэзэнатІэм и уасэр сом мин 24-рэ 150-м кьыкІыу мин 17-рэ 400-м нэскІэ кьыщІагъэхым, пащІэгъэуакІэ ирахын хуей унэхэр 20-кІэ нэхъ мащІэ ящІащ. Абыхэм щыпсэухэр яГъэІэпхъуэн папщІэ ХьэтІэхъущокъуэм и уэрамым фэтэрри 120-рэ, Профсоюз уэрамым фэтэр 80 хъу унэхэр щауэх. А Іуэхур зэфІагъэкІыным сом мелуан 275-рэ хуаутІыпщащ. Уасэхэр зэрызэщхьэщкІам кьыхэкІыу зыхуащІэну ахъшэр республикэ бюджетми кьыхахынущ.

Лэжьыгъэр зи пщэ дэзышІэжьа «Дар-98» ухуакІуэ фирмэм и мурадщ а унэхэр ухуэныгъэ мы гъэм и кІэм нигъэсыну. Арцхъэкіэ абы кьхьаз, ныкъуэкъутэ хьуа унэхэм щІыхуэр кьыщІагъэкІыным егъэщІылІа къалэныр псэуплІэ законодательствэм кьезэгъыу зэфІиГъэкІыркъым.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацым къельытэ а унитІыр хьэзыр ящІмэ, унагъуэхэм мардэхэм кьитІасэу псэуплІэхэр трагъашэмэ, унэ кьхьаэу 14-м щІыхуэр кьаІэ щымыІэу, нэгъэщІ унэ 15-ми щыпсэухэр я нэхъыбэр кьыщІагъэкІыфынущ. Мы зэманым нэхъыбэу яхуримыкъур зы пэш хъу фэтэрхэрщ.

«Псэуплэ-коммунальнэ Іэнатіэм и Іэнэпсыкіэр зэхъуэкІыным щІэгъэкъуэн хуэхъунымкІэ фондым и Іуэхущ» Федеральнэ закон №185-ФЗ-уэ 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьыдэкІам и 16-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм зэрыщыбзэныхуамкІэ, нэхъапэм зыщІэса унэ кхъаХэм и кІуэщІыр зэрыхъуу щыта метр зэбгъэзэнатІэхэм я бжьыгъэр здагъэІэпхъуэм ейм нэхърэ нэхъыбэу щытмэ, апхуэдэ зэщхьэщыкІынигъэм текІуадэр щыІэнатІэ и щІыпІэ бюджетхэм я хьэхъкІэ ирагъэкъуэ. А мардэм тетыфын папщІэ Налшык и щІыпІэ администрацым аргуэру мылъку къиГъуэтын хуейщ.

КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм республикэм и Правительствэм чэнджэщ ирагащ мы Іуэхум ехьэлІауэ 2009 гъэм гъатхэпэм и 30-м абы кьыдигъэкІа Унафэ №274-ПП-р зэрагъэзэщІыну мылъку аргуэру кьилъхьэуну.

Парламентым и Президиумым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и яп кьуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**.

**БОРОВИНСКАЯ Татьянэ.**

# ЦІыху мелуан зэхуэзышэса карнавалым адыгэхэми зыкъыщагъэлъагъуэ

**●Хьыбар гуапэ**

**Иджыблагъэ Берлин щекІуэкІащ «Дунейпсо щэнхабзэхэм я карнавал» гуфІэгъуэ зэхьыбэщхэр. Абы хэтащ Германием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр.**

1996 гъэм япэу къыззрагъэпэща карнавалым щІыхуэ мин 50 кьрихьэлІауэ щытащ. Мы гъэм абы зыкъыщызыгъэлъэгъуахэми епльыну къызэхуэсахэми я бжьыгъэр куэдкІэ нэхъыбэт. Берлин щызэхуэсат къэрал 70-м икІа къэфакІуэ, уэрэджэлакІуэ гуп 97-рэ. Германием и къалащхьэм и уэрамхэм я нэгу зыщрагъэужьащ щІыху мин 750-м, мин 250-р «Блюхер» утым концерт щепІащ. Абыхэм я пащхьэ кьыщыфащ, уэрэд щыжаІащ, театр тепІльэгъуэхэр щагъэлъагъуащ щІыху 4800-м.

Карнавалым жыджэру хэтащ Германием щыпсэу адыгэхэри. Берлин, Мюнхен, Кельн, Гамбург, Бремен, нэгъэщІ къалэхэми щызэхэт Адыгэ Хасэхэм кьикІри, адыгэ фащэхэр зыщыгъ щІалэхэмрэ пщащэхэмрэ Берлин и уэрамхэм ирикІуащ, лъэпкъ макъамэхэр яГъэІуащ, щІыху 70 хьу дэ лъэпкъэгъуэхэм я закъуэкъым гуфІэгъуэ зыхуэхуэм щыІар, атІэ дуней псом кьикІа лъэпкъхэм я щэнхабзэм, щыІэкІэ-псэукІэм зыщагъэгъуэзэну Іэмал яІащ къалэ зэхуэмыдэхэм дэс хэхэс адыгэхэм.

Германием щыІэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэм хьыбар къыззрыдигъэщІамкІэ, хуабжьу я гуапэ хьуащ карнавалым зэрыгагъэблэгъар, адыгэ лъэпкъым кьыбгъэдэкІ гупыщхуэ зэрыхагъэхьар.

- ГуфІэгъуэ махуэхэм дызэрыхэтам ди дежкІэ мы лъэпкъыщхуэ нІыщ, - ИнтернетымкІэ хьыбар кьыдегъащІэ АХФ-м и тхьэмадэ Пламжькьуэ Умар-Фарукъ. - Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дэ Іэмал диІащ ди лъэпкъым и тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьитхьэну, ди бзэр зэхедгъэхьну.

Абы зэрыжиІамкІэ, карнавалым хэта ди лъэпкъэгъуэхэм кьызэрымыкІуэу гулъытэщхуэ кьыхуащІащ, ящыгъ фащэхэр хуабжьу щыІар, атІэ дуней псом кьикІа лъэпкъхэм я щэнхабзэм, щыІэкІэ-псэукІэм зыщагъэгъуэзэну Іэмал яІащ къалэ зэхуэмыдэхэм дэс хэхэс адыгэхэм.

Германием щыІэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэм хьыбар къыззрыдигъэщІамкІэ, хуабжьу я гуапэ хьуащ карнавалым зэрыгагъэблэгъар, адыгэ лъэпкъым кьыкІуэхэу карнавалым хэта ди лъэпкъэгъуэхэм зэрыщыІар.

Берлин кьыщыдэкІ газет нэхъыщхьэхэм («Die Welt», "TAZ", "Tagesspiegel», н.) кьыградза тхыгъэхэм адыгэхэм ятеухуахэр зэрыхъэгъуэ. «Die Welt"-м мыпхуэдэу итхащ: «Я хабзэр апхуэдизкІэ дахэщ, езыхэр апхуэдизкІэ зэрыІыгъщ, нэхъ лъэпкъ уэрэд уигъэлъыхьэнщ». КъищынэмыщІауэ, нэмыцэхэм кьыдагъэкІа брошюрэхэм итащ адыгэхэм ятеухуа хьыбарэхэри.

Германием щекІуэкІ мы хьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэм дяпэкІи жыдджэру хэтынущ, нэхъыбэм зыкърагъэщІыхуну нэхъри ущрадзэ тригъэгушхуащ щэрджэксэхэр зыхэта карнавалым. Абы тегъэщІапІэ хуэхъуащ зи зэфІэкІ гуп тІощІым адыгэхэр зэрахэхуар.

**ПЭЩЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**Адыгэ ныбжьыщІэхэм Берлин и уэрамхэр ягъэбжьыфІэ.**

**«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхухі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 19 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1.«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхухі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 19 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж егъэзыкІи, Іэ щІидзын икІи цІыхуэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт кьыщацта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЧЕЧЕНОВ Ануар**

*Налшык къалэ*
*2010 гъэм накьыгъэм и 26-м*
*№382-П-П*

**«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхухі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 19 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ*
*2010 гъэм накьыгъэм и 26-м*

«2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхухі» 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №71-РЗ-м и 19 статьям и пункт 13-м кьару имыІэжу къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2010 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м*
*№40-РЗ*

**Дыщи, дыжьыни, жэзи**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Мэл лъэпкъыфІэхэм я 12-нэ Урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэу иджыблагъэ Элиста щекІуэкІам Къэрэшей-Шэрджэсым и хозяйствуэ 6 хэтащ. Абы щагъэлъэгъуар мэл лъэпкъыфІэхэм я закъуэкъым, атІэ мэлылымкІэ, мэлылымкІэ, кьауц, хъурыфэ хьэпшыпхэмкІи зэпсуащ.***

КъШР-м и гъэльэгъуапІэр республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм и пІыфэхэр кьытещу кьыззрагъэпэщат. А псори кьекІуэлІахэм нэхъри щІэщыгъуэ ящиІащ «Эльбрус» къэрал ансамблым.

Урысейпсо гъэльэгъуэныгъэм КъШР-м медалибгъу - дыщэу 4, дыжьыну 3, жэзу 2 кьыщихьащ.

**Дин лэжьакІуэхэм яІуощІэ**

АДЫГЕЙ. ***Премьер-министр Куммпыл Мурат Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я муфтий Емыжь Наурбийрэ Мэкъуапэрэ Адыгеймрэ я епископ Тихонрэ яІущІащ.***

А ЗэІущІэм кьыщыхалъхьащ республикэм щыІэ мэжджытхэр къэгъэщІэрэщІэжьыныр, мусылъмэныкъэ кьызэгъэпэщыныр, нэгъэщІу зыгъэпейтей Іуэхугъуэхэр.

Кумпыл Мурат зыІущІаэм жкрІащ псоми я сэбэп зыхэлъу дин Іуэхущ Іапіэхэм кьыхахьхьэ Іуэху щхьэпэхэр республикэм и къэрал властхэм зэрыдаІыпынур.

**Москварэ Сыхъумрэ зэпищІэу**

АБХЪАЗ. ***Республикэм и президент Бгъэлэщ Сергей зэрыжиІамкІэ, Москварэ Сыхъумрэ зэпызыщІэ авиалинэр бадзэуэгъуэм и пэщІэдзэм кьызэІуахынущ.***

КъЭРАЛ унафэщІым кьызэрыкІугъэщамкІэ, УФ-м и кьхъухьлъатэхэм Москварэ Сыхъумрэ тхъэмахуэ зэхуэкІ кьрибыдэу тІэу зэпащІэнущ. Ахэр Чкаловскэ кьхъухьлъатэ тельэтыкІыпІэм кьытекІынущ икІи Сыхъум кьыщетІысэхынущ. Президентым кьызэрыхигъэщамкІэ, Абхъазым и щыхьэрым дзэ аэропортыр щыхуэхэ кьеБыщкІ кьхъухьлъатэхэр кьегъэблэгъэным сыткІи хуэщІащ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

**НОБЭ**

**♦ Италие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ** - республикэр кьыщызрагъэпэща махуэщ (1946).

♦ Илъэс 90 и пэкІэ (1920) дипломатие зэхущытыкІэхэр зэхуэгъэуващ РСФСР-мрэ Тыркумрэ.

**♦ Байконур космодромым и махуэщ**

♦ Мэкъуаугъуэм и 2 - 18-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ Лэжьыгъэм и дунейпсо зэгугъэныгъэм и Конференц Нэхъыщхьэм и 99-нэ сессиер.

♦ Мэкъуаугъуэм и 2 - 6-хэм Нью-Йорк щекІуэкІынущ ЩІэныгъэм и 3-нэ дунейпсо фестивалыр.

♦ Мэкъуаугъуэм и 2 - 14-хэм Австрием щекІуэкІынущ 57-нэ Сидней кинофестивалыр.

**●Гу зылъытапхъэ**

## Псори фрагъэблагъэ

**Сурэтыщ Ігъуэзджэхэмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал музейм мэкъуаугъуэм и 1-20 махуэхэм щекІуэкІынущ Сабийхэм ящІ сурэтхэм я Кавказ Ищхъэрэ зэхьэзэхуэ-гъэлъагъуэныгъэ. Ар и фэеплъыщ КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ Ткаченкэ Андрей.**

ЗэПЕУЭМ хэтынущ Осетие Ищэ, Абхъаз республикэхэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къызэщІиубыдэ зэгъуэгъуэм щыщ сурэтыщІ ныбжьыщІэхэр.

Зэхъэзэхуэ-гъэлъэгъуэныгъэм псори фрагъэблагъэ.

УпщІэ зиІэхэр мы телефонхэмкІэ фыпсалъэхунущ: **42-37-18, 42-70-36.**

**●Гимнастикэ**

# «Къырхэм я таурыхъ»

**КъБР-м художественнэ гимнастикэмкІэ пашэныгъэр кьыщыхьыныкІэ зэхъэзэхуэ зэІуха, «Къырхэм я таурыхъ» зыфІащар, мэкъуаугъуэм и 3 - 6-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ. Абы хэтынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэ 7-м я лЫыкІуэхэр (ильэси 7 - 14 ныбжьым ихэр).**

ЗэПЕУЭР йокІуэкІ «Динамо»-м - республикэм и сабийхэм» Іуэхум хнубыдэу. Судья гупым я пашэщ КъБР-м спорт художественнэ гимнастикэмкІэ и федерацэм и вице-президент Короткова Наталье.

Зэхьэзэхуэр кьыззрагъэпэщащ «Динамо» спорт зэгухьэныгъэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ, Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэхэм, Спорт художественнэ гимнастикэмкІэ и федерацэм. Абыхэм мылъкуКІэ защІигъэкъуащ «Урысей зэкъуэт» партым и Налшык къудамэм.

КъБР-м художественнэ гимнастикэмкІэ пашэныгъэр кьыщыхьыным теухуа зэхьэзэхуэр мэкъуаугъуэм и 3-м сыхьэт 14-рэ дакьикъэ 30-м Сабийм и щІалэгъуалэмрэ я творчествэмкІэ республикэ унэм, Ленинным и проспект, 8 хэщІапІэм кьыщызэІуахынущ.

**КЪАМБИЙ Дариэ.**

## ●КъБР-м и Президентым и пощт

### Унагъуэщэхэм псэупIэкIэ ядэIэпыкъуну?

**Пщlэ зыхуащI Президент!**

**Сабий зимылъ унагъуэщэхэм къаралр псэупIэкIэ ядэIэпыкъуэр? Апхуэдэзу щытми, сыт хуэдэ тхьилъхэм дыхуей?**

**Тембот М.**, *Налшык къалэ.*

*Жэуап къ ет КъБР-м ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министр* **Абрэдж Iэдиб:**

- «2002 - 2010 гъэхэм тещIыкъа «Псэупlэ» программэ хэкар зэкIэлыгъэкIуэным и Iэужкуlэ» федеральнэ программэ хэкам «УнэгъащIэхэр псэупIэкIэ кьыззэгъэпэщын» и программэ гуэдзэмрэ «2007 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым унэгъащIэхэр псэупIэкIэ кьыщыдзэгъэпэщыну» республикэ программэ хэкамрэ япкъ иткIэ, фи псэупIэхэр евгъэфIакIуэ хъунущ. УнагъуэщIэхэр программэ гуэдзэм зэрыхихьэ щIыкIэр:

- зэщхьгъусэхэм я ныбжьыр ильэс 35-м фIэкI хьунукъым;
- унагъуэм и псэупIэр егъэфIакIуэн зэрыхуейр гъэбелджылауэ щытпхьэщ;
- социальнэ ахьшэу кьыIэрыхьэм щIигъуу, псэупIэм и уасэр (ику иту) итыжьыфын папщIэ, зыхуейм хуэдизу хэхъуэрэ нэгъуэщI мылъку гъэтIылъыгъэрэ унагъуэм иIэн хуейщ.

УнагъуэщIэр программэ гуэдзэм хыхьэн щхьэкIэ, зэпымыуэ зэщхьгъусэ щыIэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ Iэхэуцlапlэм мыпхуэдэ тхьилъхэр ирет:

а) гуэдзэн №2-м зэрыщыубзыхуэм тету лъэIу тхьилъм и экземпляриті;

б) унагъуэм исхэм я шыфэлIыфэм теухуа тхьилъхэр;

в) нэчыхь тхьилъыр;

г) унагъуэщIэм и псэупIэр егъэфIакIуэн зэрызыр уейм щыхьэт техъуэ я тхьилъ-псэупIэ ипотекэ кредиткIэ кьищхъуа (иух уа) псэупIэм зэрыхуитыр кьаралым зэритхам и щыхьэт тхьилъыр, апхуэдэу 2006 гъэм щыIыщIэм и 1-м мынэхь пасэу зыхуэфащэ кредит зэгурыIуэныгъэ щыIэращIылIэм х уэзэу, унагъуэщIэм и псэупIэр егъэфIакIуэн хуейуэ кьыззэрылытам щыхьэт техъуэ тхьилъыр.

д) социальнэ ахьшэу кьыIэрыхьэм щIигъуу, псэупIэм и уасэр (ику иту) итыжьыфын папщIэ, зыхуейм хуэдизу хэхъуэрэ нэгъуэщI мылъкурэ унагъуэщIэм зэрIэм щыхьэт техъуэ тхьилъхэр.

е) щатхэ щIыпIэр кьэзыгъэлъагъэ тхьилъмрэ финансхэмкIэ и счетым и копиемрэ.

*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.*

## Электроннэ щытыкIэм иту

**Урысей, хамэ къэрал паспортхэр къеIыжьыну, ахэр зыхъужьыну хуэлэжьэн. Я лъэIу тхьилъхэр Федеральнэ миграцэ къулыкъым и Iуэхущlапlэхэм электроннэу ирагъэхь хуэщIу. А IуэхуэтхьэбзащIэхэм теухуауэ зэфIагъэкIэм журналистхэр щыгъуазэ ящIащ КъБР-м щыIэ УФМС-м и унафэщIым и къэдэлэ Герузов Алийрэ управленэм и дежькъуэ Бекъуэ Сэлимрэ.**

- УРЫСЕЙМ и Правительствэм федеральнэ Iэнатlэхэм я гъэзэщIакIуэ властхэм къэрал Iуэхутхьэбзэхэр электроннэ щытыкIэм ито зэфIахьыным хуэкIуэным теухуауэ нэгъабэ кьышта чанфэм, ар гъэзэщIакIуэ теухуауэ УФ-м и ФМС-м кьыдигъкIа приказым ипкъ иткIа, КъБР-м щыIэ УФМС-м и лэжьакIуи 6 зыхэт гуп кьыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм мэлыжьыхьым щыщIэдзауэ Урысей, хамэ къэрал паспортхэр къеIызыхьыну, ахэр зыхъужьыну закъыкъэзыгъазэхэм я тхьилъхэр Госуслуги. ру сайтымкIэ электроннэу къыIах. ЗэкIэ республикэм щыпсэухэм ящыщу хамэ къэрал паспорт зыIэрагъэхьэну хуейуэ электроннэ щытыкIэм ито зэфIахьыным хуэкIуэным теухуауэ нэгъабэ кьышта чанфэм, ар гъэзэщIакIуэ теухуауэ УФ-м и ФМС-м кьыдигъэкIа приказым ипкъ иткIэ, КъБР-м щыIэ УФМС-м и лэжьакIуи 6 зыхэт гуп кьыщызэрагъэпэщащ. Абыхэм мэлыжьыхьым щыщIэдзауэ Урысей, хамэ къэрал паспортхэр къеIызыхьыну, ахэр зыхъужьыну закъыкъэзыгъазэхэм я тхьилъхэр Госуслуги. ру сайтымкIэ электроннэу къыIах. Псалъэм папщIэ, хамэ къэрал цIыхухэмрэ гражданствэ зимылъэхэмрэ Урысей Федерацэм пIалъэкIэ щыпсэуну хуит зыщI тхьилъхэр ятынкIэ, УФ-м и цIыхухэр здэщыIэ, щыпсэу щIыпIэхэм щатхьинкIэ.

Герузов Алий кьыззэрыхигъэщамкIэ, электроннэу зэфIах къэрал Iуэхутхьэбзэхэм адэкIи зрагъэубгъунущ. Псалъэм папщIэ, Урысейм и цIыхуу нэгъуэщI къэрал щылэжьэну хуейкэм 2010 гъэм и фокIадэм щыщIэдзауэ Госуслуги.ру сайтыр къагъэсебэну лицензэр электроннэу къыIах зыхунущ. Илъэсым и кIэм а Iуэхутхьэбзэхэм кьыхагъэхъуэнущ хамэ къэрал цIыхухэр, гражданствэ зимылъэхэр Урысей Федерацэм кьихъэнымкIэ кьызэрырагъэблагъэ тхьилъхэр электроннэу зэфIагъэкIыурэ икIи иратурэ.

УФМС-м и лэжьакIуэ Бекъуэ Сэлим зэрыжиIамкIэ, Госуслуги.ру сайтымкIэ заявленэ птын е узыхуей справкэр къеIыпхьи папщIэ, front page щIэныгъэхэм я ныбжьыр ильэс 35-м фIэкI хьунукъым;

- унагъуэм и псэупIэр егъэфIакIуэн зэрыхуейр гъэбелджылауэ щытпхьэщ;
- социальнэ ахьшэу кьыIэрыхьэм щIигъуу, псэупIэм и уасэр (ику иту) итыжьыфын папщIэ, зыхуейм хуэдизу хэхъуэрэ нэгъуэщI мылъку гъэтIылъыгъэрэ унагъуэм иIэн хуейщ.

УнагъуэщIэр программэ гуэдзэм хыхьэн щхьэкIэ, зэпымыуэ зэщхьгъусэ щыIэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ Iэхэуцlапlэм мыпхуэдэ тхьилъхэр ирет:

а) гуэдзэн №2-м зэрыщыубзыхуэм тету лъэIу тхьилъм и экземпляриті;

б) унагъуэм исхэм я шыфэлIыфэм теухуа тхьилъхэр;

в) нэчыхь тхьилъыр;

г) унагъуэщIэм и псэупIэр егъэфIакIуэн зэрыхуейр тхьилъ я тхьилъ-псэупIэ ипотекэ кредиткIэ кьищхъуа (иух уа) псэупIэм зэрыхуитыр кьаралым зэритхам и щыхьэт тхьилъыр, апхуэдэу 2006 гъэм щыIыщIэм и 1-м мынэхь пасэу зыхуэфащэ кредит зэгурыIуэныгъэ щыIэращIылIэм х уэзэу, унагъуэщIэм и псэупIэр егъэфIакIуэн хуейуэ кьыззэрылытам щыхьэт техъуэ тхьилъыр.

д) социальнэ ахьшэу кьыIэрыхьэм щIигъуу, псэупIэм и уасэр (ику иту) итыжьыфын папщIэ, зыхуейм хуэдизу хэхъуэрэ нэгъуэщI мылъкурэ унагъуэщIэм зэрIэм щыхьэт техъуэ тхьилъхэр.

е) щатхэ щIыпIэр кьэзыгъэлъагъэ тхьилъмрэ финансхэмкIэ и счетым и копиемрэ.

*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэ.*

## Министрыр ящIоупщIэ

**Кьэрал кIуэцIкIуэхуэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, генерал-лейтенант Томчак Юрий накъыигъэм мазэм щIэпхъаджащIэхэм ялэжьа диверсие-террористкIуэхуэм уэгъэ щыхьэуэ МВД-м, Тезырхэр иригъэхьэкIыныжьмкIэ федерал кьулыкъым и Iуэхущlапlэу КъБР-м щыIэм я лэжьакIуэхэм я Iуэху зыIутыр зригъэщIащ.**

МИНИСТРЫР япэу щIэупущlащи Советскэ поселкэм дэт тезырхэр щащIэзэкIуэжь колоние № 4-м и лэжьакIуипIым аб тобус кьэуВыIэпIэм дежь щIэпхъаджащIэхэр автоматкIэ щатеуам кьела цIыхубзым. Абы щыгъуэ ящкIаущым тIур щыхьбзт.

Министрым уIэгъэ хъуаХэр зыщIэлъ пэшхэр псори кьыззэхикIухащ, лей зытехьахэм я унагъуэхэм мылькукIэ зыщIагъэкъуэну, нэгъуэщIкIи дэIэпыкъуну зыхуэфащэ Iэнатlэхэм кьалэн ящIащ. Томчак Юрий зригъэщIащ ахэр я лъэ теувэжьын папщIэ зфIагъэкIэн, санаторэ-курорт Iуэхущlапlэхэм я уэзыншагъэр щратъэфIэкIуэныр кьыззгъэпэщын и лъэныкъэкIэ Iуэхур зытетыр зригъэщIащ.

**КIАСЭ Маринэ.**

## Бэв хъун папщIэ

**●Iэщlагъэлэхэм я чэнджэщ**

**Гъавэ къехьэлIэжьныр (нартыхур, силосыр, сэхураныр) кIыхьлIыхь зэрафIэхъуам и зэранкIэ, республикэм и языныкъуэ хозяйствэхэм нэгъабэ щыкIыхьэсэр щыгуащ. Хьэсэхэр и чэзым зыкъыгъэхьэзырахэр, фIагъым емылIэлIэхэр, щIыгъэпшэрхэр ирикъуу хэзымылъхьахэр щыIэщ. Бжьыхьэм къэкIыгъэхэм ирикъу псыIагъэ зэрамыгъуэтам къыхэкIыну, щыпIэ хуэдэм щIагъуэу зыщIаужьрахьи, щIым зэхуэдэу къытеувакъым. Мы зэманым мыхьэнэшхуэ иIэщ ахэр зыхуей хуэзэу зехьэным, Iэмалыщ Iэу къэунэхуахэр я Iлъабжьэ Iуэхугъуэ псори и чэзым зэфIэгъэкIыным.**

БЖЬЫХЬЭСЭ къэкIыгъэхэм заужьын щыщIадзэр я кьыкъуэжьигъуэм щынэсам дежщ. Куэдрэ кьыщIихьу щыIэщ бжьыхьэм гуэдзыр кьыщыхэмыкI, ауэ кьикIыкIахэр щIыкIауэ Iлъэхэмрэ Iэтатlэсэ жьылапхъэм хуокIуэжри, тэмэму заужь, бэвагъ хъарзынэ къат. Мыбдежьым мыхьэнэшхуэ иIэщ агрономхэр, фермерхэр, бдзжандырылажьэхэр хьэсэхэм зэрыкIэлъплъым.

Гъатхэм егъэкIуэкIыпхъэ лжьыбгъэхэм хыхьэ Iуэхугъуэхэр пэжу яубзыхун папщIэ, мэкъумэш предприятэхэм, фермер хозяйствэхэм, бдзжандырылажьэхэм псом япэу кьэхIыгъэхэм я щытыкIэр, я Iувагъэр, я зыужькIыкIэр къащIигъэн хуейщ.

Гуэдзым и кьыкъуэжьигъэм тэмэму зиужьын щхьэкIэ, къуэат зыщIэлъ щыгъэпшэрхэр ирикъуу етыпхъэщ. Псом хуэмыдэу, щыхьэхъуэм дежь. Гъатхэ пасэм щIым ашэтымрэ фосфорымрэ ирикъуу хэлъмэ, зэман кIэщIым къэкIыгъэм щхьэмыжь ищIын щIидзэнущ, ауэ ахэр къемэщIэкIмэ, хьэдзэ щIагъуэ къитынукъым.

КъэкIыгъэхэр зэрыгъэпшэрын хуейм теухуауэ жэмтхьэхэм, предприятэхэм, фермерхэм я IэщlагъэлI куэдым я Iуэху еплыкIэхэр зэтехуэркъым. ГъэкIуэкIа кьхэхутэныгъэхэм кьыззэрагъэлъэгъуамкIэ, щIыгъэпшэркIэ ирикъуа хьэсэхэм фIыуэ зыщIыщыжьа, кьыщыкъуэжа кьэкIыгъэхэм щIыхьэкIэм щIэжьаным. Мы гъэзэм Iэмал имыIэу кьэкIыгъэхэр и чэзым гъэпшэн хуейщ, псом япэу щIырхыну кьэкIахэмрэ я Iлъабжьэ щIагъуэ зымыщIахэмрэ. Нэхъыщхьэр азоткIэ иригъэкIынырщ, сыту жьыпIэмэ, бжьыхьэ уэшхэмрэ узсыпсымрэ ар щIым кьэкIыгъэсыкI, гъатхэ пасэм нитратхэр щIэрыщIэу зэхуэхьэсыжьыным дуейир зэрыщIыпIэжьымрэ щIым хуабагъ зэримигъуэтамрэ зэтрепIыгъэ.

Щым и пшэрагъым, и зэхэпIыкIэм, нэхъапэм тетхэрэм, нэгъуэщIхэм тещIыхьауэ зэ нэхъ мыхъуми къэкIыгъэр мащIэу азоткIэ бгъэнщэрмэ, гектарым кьот бэвагъым зы центнерым кьыщыщIэдзауэ центнери 3,5-м нэскIэ зэхъуэнущ. ЩIыгъэпшэрхэр хальхьэнур зыхуэдэмрэ ар зыхуэдизымрэ хозяйствэхэм я IэщlагъэлIхэм хьэсэ къэс кьыщапщIэн хуейщ, кьытрахьину зыщIыгъуным тещIыхьауэ.

ЩIыгъэпшэрхэр зэбрадзэрэ хьэсэхэм хальхьэ, апхуэдэуи жьыласэ машинэхэмкIэ кьэкIыгъэ Iлъабжьэм кIощIалъхьэ. А IэмалитIым зэщIхьэщыкIыныгъэ иIэщ. Кьапщтэмэ, иужьрейр кьызэщIэкIэхэм бэвагъыу къатым центнери 3,5-4,5-кIэ хохьуэ. Бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэр СУК- 24, СЗ-3,6 жьыласэ машинэхэмкIэ ягъэпшэр, хьэсэм и бгъуагъымкIэ кIуэцIрыкIыу. АбыефIэкIыныгъэшхуэ иIэщ, сыту жьыпIэмэ, минерал щIыгъэпшэрхэр, псом хуэдизкIэ, склеротинхэр, удзьжь къэхIагъащIэхэр егъэкIуэд. Абы и фIыгъэкIэ, минерал щIыгъэпшэрхэр щIым нэхъ куууэ хохьэ, къэкIыгъэхэм тэмэму яIэрохьэ. А псом къыдэкIуэу, кьитхъым бэвагъым хэзыгъэхьуэ етIуанэ Iлъабжьэхэм хъарзынэу зрегъэжьэ.

Яныныкъуэхэм дежь агрономхэм ГъатхэкIуитхъым дзыхьыщэ щыхуамыщI щыIэщ. Ахэр мэшынэ къэкIыгъэхэр кьратхъыныкIэ. Апхуэдэ кьыщыхьунур и Iлъабжьэ благъэкIмэщ.

Япэ щыкIэ гуэдзым и щытыкIэр тэмэму къэпхутэныр тыншыкъым. КъэкIыгъэхэм щIагъуэу зыщIамыужьа щIыпIэхэм ар щыгъэ гуГуужщ. Арами, а лажьыгъэр егъэжьагъэ щыIэщ зыкъуэпкъыжьыным деж жылапхьэхэр кIэщIасэжьын щхьэкIэ.

Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щащIэ псынщIэу зызыужь, щхьэмыж хъарзынэхэр зыщI бжьыхьэсэ гуэдз пIэужьыгъуэу Iэ. Елэжьипхъэхэр ираущIэкIмэ, зы щхьэмыжьмэ и хьэдагъыр зы грамм-грамитIым нэсынущ. Зыхуей хуэзэу яхузэхьэрэ метр зэбгъуэзнатIэм фIыуэ зызыужьа къэкIыгъуэ 250 - 300 кьэтеувэмэ, кектарым хуэзэу центнер 35 - 45, уеблэмэ нэхъыбжь къэкIыгъуэ. Бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэм зэрелэжьыну щыкIэр щагъэбелджылыкIэ метр зэбгъуэзнатIэм тетхэм я Iувагъ-пIащIагъэр зыхуэдэр къамылъытэу къынукъым. ПIащIэ дыдэ хьуауэ я Iыхьэ щапхэ фIэкIа кьызытемыкIа хьэсэм Iэмал имыIэу кьэкIыгъэ пасэхэр кIэщIасэжьын хуейщ.

Тэмэму зэрахьэмэ, бжьыхьэсэхэр бэв хъунущ.

**ХЪАНИЙ Мирон,**
*УФ-м щIыхь зиIэ и агроном, КъБКъМА-м и профессор.*
**МАЛКАНДУЕВ Хьэмид,**
*мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор.*

ЦIыпIынэ Аслъэн

Ажахъуэ Къанщобий

БакIуу Хьандэрий

Хьуэткъуэ Самир

Хьэфыщlэ Мухьэмэд

**Ди газетым зэрытетащи, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и зи чэзу зэIущIэ екIуэкIащ. Абы щыхэпльащ адыгэ лъэныкъомджэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэ Iуэху зыбжанэм.**

ЗэIУЩIэРкъызэIуихри, ар зэрекIуэкIыну щыкIэр, зэтепсэльыхьнуэр игъэбелджылащ ЩIДАА-м и Президент **Нэхущ Iэдэм.**

ЩIДАА-м и академик **ЦIыпIынэ Аслъэн** тепсэльыхьащ «Черкесы (адыгэ)» щIэнгъуаз справочник кIэщIыгъэхьзыныным ехьэлIауэ ирагъэкIуэкI лъэныгъэм. Абы кьыхихэщащ тхьилъыр кьыдигъэкIыным елэжь комиссэр щIалъэ-щIалъэкIэрэ зэрызэхуэсыр, накьыгъэм и 26-м екIуэкIа зэIуЩIэм справочникыр зэрызэхэлъыну Iыхьэкэр зэрыщащубзыхуар.

Къэбгъэльагъуэмэ, Iыхьэ-Iыхьэу зэпыудаэу абы итынущ яджырей адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэр, политикэ тхьилъм теуха очерк, иджырей щIэнхабзэр зэрызэфIэува щIыкIэр, абы кьызэщIиубыдэхэр, гъащIэм хэт гуГуузкьхэмрэ зыужьынымгъэм и хэкIыпIэхэмрэ. Справочникым адыгэ Iлъэныкъэм дежкIэ иIэну мыхьэнэм, тхьилъыр кьыдэгъэкIын хуей щIэхъуэм и щхьэусыгъуэм, нэгъуэщIхэми тепсэльыхьащ ЦIыпIынэр.

2010 гъэм екIуэкIыну кьыхэтэхькIыныгъэм ди лъэпкъыщIэр кьызэрыщыдгъэлъэгъуэнум теухауэ кьыщIисалъэм, ЩIДАА-м и академик, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Ажахъуэ Къанщобий** жиIащ Iуэхум быдэу егупсысауэ бгъэдыхьэн зэрыхуейр. КъаIэта псалъэмакъым ипкъ иткIэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием этнологиемрэ антропологиемкIэ и институтым Кавказ лъэпкъхэмкIэ и кьудамым и упаф щIэ Арутюнов Сергей ДАХ-м тхьигъкIэ зэрызыхигъэзар жиIащ Къанщобий, икIи убыхэр, шапсыгъэр, адыгейхэр, шэрджэсхэр, кьэбэрдейхэр зы лъэпкъыу зэрыщытым теухауэ Арутюновым кьитхьажа письмом кьахуеджащ. Ажахъуэм кьызэрыгъэтхьа, лъэпкъыщIэр зэрагъэпсыхьа Iэпэ щыкIэ езы адыгэхэр зэгурыIуапхъэщ икIи хэкIыпIэу кьигъэльэгъуащ, зэдауэ лей хэмыту, мы зы гъэзгум «шэрджэсу» адыгэ псоми зрагъэтхьиныр зэрыфIэмытэмэмырщ, итIани а Iуэхуэ ильэсэ 10-кIэ (кьыкIэльыкIуэ кьыхэтхыкIыныгъэр кьэсху) егупсысыну зэман кьаэзрыхудэхуэнур.

ЩIДАА-м и Адыгей щIэныгъэ центрым и тхьэмадэ Бырсыр Батырбий дыщIигъуащ «шэрджэс-убыхх», «шэрджэс-шапсыгъэ» жиIэу зрагъэтхьныр зэрыфIэнгъуэр, апхуэдэ тхьилър ди блэкIам кьыщагъэсэбэну зэрыщытар. Хьэфыщlэ Мухьэмэд а Iуэхум щытепсэльыхьым щIэныгъэлIхэм ягу кьигъэкIыжащ шапсыгъэхэм кьащщIам хуэдэ кьыхэмыкIын папщIэ, абы егупсысын зэрыхуейр. Шапсыгъэхэм шэрджэсу зрагъэтха ныужь, «ЩIэджэсым фыкIуэжи, фи Iуэху щыдэвгъэкI», - кьыщыжраIи кьэхъуауэ яIуатэ.

**Бырсыр Батырбий** кьытеувыIащ зи унафэщI центрым 2010 гъэм иригъэкIуэкIыну щIэныгъэлэжьыгъэхэм. КьыдагъэкIа тхьилъхэм, дяпэкIэ я гъэзэхъэзырхэм тепсэльыхьа ныужь, ягу хэзыгъахъуэмкIэ и лэжьэгъуэхэм ядгъэгушащ.

- Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Адыгэ къэрал институтым и унэр зыхуей хуагъэзэн папщIэ АР-м и Президент Тхьэкъущынэ Аслъэнджэрий сом мелуан 25-рэ тухихащ, - жиIащ Бырсырым. - А лэжьыгъэр и кIэм ноблагъэ, иджы унэльащIэхэр кьызэрытщэхуни и фондым кьыхэкIыу кьыдитащи, абы нужь дитщ. А лэжьыгъэхэр зэфIэкIмэ, Iуэхугъуэ зыбжанэ сегъэкIуэжкIын хуейщ. Iуэхугъуэ зыбжанэ ящIыкIэ ешъ

# Бгы и пІалъэ зыцІэцІкІыным

●Дунеймрэ дзрэ

**Куэдым хуожэ гупсысэр, нэрэ псэри зыхъ къурш абрагъуэхэр щыпдзагъуэкІэ. Фым хуоушэ зэпымыуэ абыхэм дэкІа цІыхум и псэр. МащІэ уэрэдрэ сурэтрэ къагъэщІакъым къуршхэм цІыхум къарнт дзрэжьэгъуэмрэ къахилъхьэ къарумрэ. Бгыхэм гъащІэр ягъэщІэращІэ ныІн ягъэбжьыфІэ къудейкъым, атІэ абыхэм я куэщІым щопсэу ныІн щолажьэ цІыху куэд. ЗэрыхуагъэфащэкІэ, апхуэдэхэм я бжьыгъэр мелуан 600-м щІигъунщ.**

БГЫХЭР ИГЪАЩІЭ гъандэрэ я1аш, иджыри я1эщ хъупІэу, гъавэ щІапІэу, зыгъэпсэхупІэу. Ди зэманым къуршхэм мымащІэу хэлъ хъугъуэфІыгъуэхэр къыхах, бгы ауэхэм дэт гидростанцхэм ухэхэр ягъэнэжу, заводхэр, фабрикэхэр ягъэлажьэ. Къуршхэр нобэ гъащІапІэ яхуэхъуащ еджагъэшхуэхэмк. Мыбы щадж щым и зэхэтыкІэр, хьэуам и ищхьэ кьатхэр. Мыбы щагъэуб вагъуэхэм зэрыкІэтыпль телескоп гъащхэр, сыту жьпІэмэ бгы гъагъ щыпІэхэм хьэуар нэхъ щыкІащхъэщ, вагъуэхэри нэхъ щыгъуэнэгъущ.

Дауэ-тІэ къурш абрагъуэхэр къыхэрыхъар? Сыт хуэдэ къарту аэхэр апхуэдизэ гъагагъакІэ зыІэтар?

ЩІы щхьэфэм цІыхуэкІуэ хабзэхэмрэ щыгъуэм щІыгъуэкІуэкІ Іуэхугъуэхэмрэ зэпыщІэныгъэкуу яку зэрыдэтъым зыми шэч нобэкІэ къытрихьэрхьам. Абы теухуауэ гипотезэ гъэщІэгъуэнхэри мымащІэу щыІэщ. Абыхэм ящыщу щІэныгъэлІхэм иджыкІэ тегъэщІапІэ нэхъыбэрэ ящІри, нэхъ ябгъэабыыри плитахэм я тектоникэращ. Мы гипотезэм ипкъ нткІэ щІы щхьэфэр плитаплитауэ зэпыудащ. Аэхэр плитанэхъ щыкІыІуэу щызэхьхьэ жьщыІэщ. Плита цІыкІыхэр нэхъ жьгъеиІу - блокыу - егуэш.

Тенджызым телъ мывэ Іыхьэшхуэхэм я хьеикІэм ещхьщ абыхэм я зекІуэкІэр, аэр зэрыгъэкъэхуэгъэр, зэрызэкІэщІэкІыр. А псор къэзышэр щы щхьэфэр зытелъ мантиер давлензэшхуэм сыт щыгъуэ зэщикъуэгу икІи апхуэдэ къару мыкІуэщІым абы температурэшхуэ кьриту икІи абы кьыхэкІи ар тІатІий щытыкІэм иригъэуэзу зэрыщытырщ.

Плитаэр я зэхущытыкІэкІэ лІэужьыгъуищу бгъэш хьунущ. Зы щІыпІэм плитахэр щыщІэкІэщІокІ. Абы щыгъуэм щІы щхьэфэ гъабжьаэм щІэт мантие вещество пщтыырыр ищхьэкІэ кьыдэкІуейуэрэ мэупщІыЦужри, ары лъэгум е щІы щхьэфэм и инагъым жгъахьуэ. НэгъуэщІ щыпІэкъм, к онтинент плитаэхэмрэ хы лъэгу плитахэмрэ щыІэжьхэуэм и деж, нуэрфейр зэрыгнэхъ хьэлъам кьыхэкІкІэ, ар япэрейм щыкІэщІопщхьэри лъагэу еІэт, плитаэр щІыззэкъутэкІэ щІыхьейхэр кьигъэщІу. Плитаэр, зым адрейм зыщихьэу щыІэзэблэкІкІэ, щІыхъеІ шынагъуэр къэзыгъэщІыф кьаруэ лъэщхэр я зэхуаку кьыдокІ. Езы континент плитаэр зэжььхэуэжьурэ, къурш абрагъуэхэм зыкъалэт. Апхуэдэу къэхъуащ, псалъэм папщІэ, Атлант хым щегъэжьауэ хы Хуэмым нэс Евразиер и кІыхьыкІэ зэпызыупщІ бгы лъагэ кІыхьхэр. Абыхэм ящыщ зы Іыхьэщ Кавказыр.

Ар кьигъэщІащ Евразие плитамрэ Хьэрыпэ-Африкэ плитамрэ я зэпэщІэтыныгъэм. Нэхъ тэмэму жьыпІэмэ, абыхэм ящыщ плита нэхъ цІыкІуІуэхэм я зэныкъуэкъуныгъэм. Кавказышхуэм и ищхъэрэ джабэр Скиф плитам щыщ Іыхьэщ, ипщэрабгъу лъэныкъуэмкІэ абы кавказыщІыб микроплитахэр къыщыкІэщІэпщхьэу къиІэтауэ. Ар къэзыІэта къарухэм хбдз хъунукъым зэман блэкІа жыжьэм етауэ кьиу зи хабза вулканхэри - Іуащхьэмахуэрэ Къазбэчэрэ къэзыгъэщІаэр.

Дауэ щытми, къуршхэр цІыхуэ гъащІэм дежкІэ щынагъуэу зэрыщытыр зэи зыщыгъэгъупщэн хуейкъым. Альпхэм, псалъэм папщІэ, илъэс кьэс щокІуэдэ цІыху 400-м нэс, Кьрымым бгыхэр кІуэдыпІэ щахуэхъу цІыхуищ-плІым. Абы нэхъыбэ нэ хъ хэщІ мащІэ къыдатыркъым ди республикэм и бгы лъагэ щІыпІэхэми. Бгым дэкІ дэтхэнэми къыпоплъэ щІыпІэ уаехэр, жьапщэшхуэхэр, уэсукъхьуэ щынагъуэхэр, мывэ кьехуэххэр, щІыхьейхэр, ультрэмэрэ дыгъэ бзий егъэлеяхэр. Дунейм и щытыкІэмрэ хьэуам и кІащхъагъэмырэщ бгы куэщІым ихуа цІыхум бий нэхъыщхьэу къыщежьэр. Нэхъ пІащІэ хьуа хьэуам кислородыр нэхъ щымащІэщ. Кислород зыхуримыкъу тхьэмбыхэр къопщ. Апхуэдэ щытыкІэм ихуа цІыхум хьэуа щІыІэр гужьеяуэ жьэдишэн хуей мэхъу. ЩыІэщ щІыІэм иса Іэпэ-тІапэхэр щыпах.

Бгы гъэгуанэ теувэ дэтхэнэми куэдкІэ игъэмэщІэфынущ къыпэплъэ щынагъуэкэр. Апхуэдэ цІыхум псом япэу игъэтэмэмыпхъэщ бгы гъэгу утеувэнкІэ нэ хъ къеззгъ лъэхъэнэр. Ар ельытауэ щытын хуейщ жэщмахуэм и зэман хэха гъэрым, абы хуэщІа щыгъынымк. Гъэмылэ къудейри зытещІыхьыпІхьэр а гъэзэгуанэр зыхуэдэрщ. А псоми фІы дыдэу захуэбгъэхьэзырми, абыхэм пщхьэщхьафыркъым и кІэм нэсу щІыІэм уисынымкІэ щынэ щынагъуэхэр. Ауэ къуршхэм кьыщыхъу уаехэр зы лъэныкъуэкІэ сэбэп щыІэщ. ЩыІэм бгы джабэм кІэрыпІъ уэсыр зэрегъэубыд, зэкІэрегъащтхъэ. Аращ бгым дэкІыну мурад зыщІар пщэдджыжьым жьыуэ гъэзгу теувэм щІэнэхъыфІыр. Щэджагъуэм ирихьэлІэу уэсыр дыгъэм къеГъэтІасхъэ, абы кьыхэкІкІэ уэсыр щытткІуа, зытемылъыжь джабэхэр мыдзыкьыщІыгъуэджэми, уэсылъэ щІыпІэхэм кьыщІыпІкІыныр щхьэгъэпщІэж щыхьыр нэхъыбэщ.

БгыпІэ гъэзуанэхэмрэ Іуэхум хъыжьагъэ хэлъхьэнымрэ зэззэгъынкІэ Іэмал иІэкъым. Мыбдеж шынэр щыхум япэ щитыпхъэщ. Абы щыгъуэми шынэмрэ къэрабгъагъэмрэ зэхэбгъэзэрыхь хъунукъым. Щыхум ахэр и щІыбагъ кьыззрыдинэнымрэ сакъыу гъэугум зэрытетынымрэ къарууэ иІэр хуэзщІигъэуІуэмэ, апхуэдэм и мурадхэр кьыэзрехъулІэнэм щэч хэлъкъым. Апхуэдэм деж гужьеир щІэгъэкъуэн зыщІыр экІуэдауэ убж хъунущ.

Мыри зыщІыгъэгъупщэн хуейкъым: гузэвэгъуэ кІыхь хэхуар дунеим и къэхъукъащІэхэм бзшэчагьмрэ лІыгъэмрэ щыкуащІэ нэхъыбэщ, узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэм зыфІэкІуэд щыхум и Іуэхур нэхъ гугъу мэхъу, апхуэдэм кьыпэплъэ пІэпощхъэпохэри ар зыхъжьэнкІэ хъуну бэлыхьхэри зыкъомкІэ мэбгъагъэ. Зи гугъэ хэзэыхьжхэракъым лъэпощхъэпохэм я пІэпэщІыр, атІэ зэпымыууэ хэкІыпІэ гъыхъуэхэращ.

Дауэ мыхъуми, бгы лъагэ уэсыІтэ, мылылтэ щІыпІэхэм я климатыр щІыхум и узынщагъэмрэ и къаурмрэ зэфІэгъэувэжьымыкІэ сэбэп мыхъуу пхумыІэнкъым, сыту жьыпІэмэ хьэуа щІыІэм уэзехъэ микробу хэтыр зыкъомкІэ нэхъ мащІэщ, кислородри проценти 10 - 15 хуэдизкІэ мыбы щынэхъыбэщ, хъабэ уэмми еплъытмэ (зи гугъу тщІыр дауи, курыт лъагагъ зи1э бгыхэращ). Итіанэ бгылъэ хьэуа щІыІэм ион нэхъыбэ зэрийгъыр икъукІэ щхьэпэщ Іэпкъльэпкъым щекІуэкІ гъэтКІуныгъэхэр щІэгъэхуэбжьэнымкІэ икІи нервхэм я щытыкІэр егъэфІэкІуэнмкІэ. Зэман мащІэкІэ щІыІэм хэт щІыхум и Іыным къаруущІэ егъуэт, абы Іэпкъльэпкъыр нэхъ жан ещІ. Ауэ мыри зыщІыбгъэгъупщэ хъунукъым: хьэуар «щыцІырхъ» бгылъэ щІыпІэхэм щыІэм Іэпкъльэпкъым щыщ Іыхьэхэр нэхъ псынщІэу щІ.

ЩэнэгъэлІхэм зэрыжьаІэмкІэ, дэтхэнэ цІыху Іэпкъльэпкъри хьэуа пІащІэ дыдэм къеуХъуреихь. Іэпкъльэпкъыр зыхъумэ а хьэуар зэрыщІыту зэрыхъур куб сантиметри 150-рэ кьудейщ. Километри 5 хуэдизкІэ бгым дэкІ дэтхэнэми а бжьыгъэм и зэхуэдитІыр фІокІуэд. Давленэр зэрыльахъшэм кьыхэкІэ джэдыгуэм Іэпкъльэпкъыр зэрирхъжьабэ къарухэми фІыуэ хощІ.

Щы1эм и гуащІагъым куэдкІэ хегъахъуэ бгылъэ щІыпІэхэм жьапщэшхуэкэр егъэлеяуэ зэрыщыятэм. Абыхэм я хуабжьабгъыр щІымахуэм километр 60-м напІэзыпІэм щыфІиху щІыпІэхэм щыщІэрыІуэщ бгылъауэ жьапщэкІэ зэджэр. А акъужь кьабзэр зымыщІыху псыхъуэдэс щІэкъым. Бгы-ауэ жьыбгъэкэр нэхъыбэу кьызыхэкІыр бгыхэмрэ абыхэм кьапэщІыть тафэкэрэ дыгъэм зэхуэдэу зыхурымыгъэуафэрщ. Аращ кьэзышэр бгы джабэхэмрэ ауз пъэгухэмрэ я температурэр куэдкІэ зэщхъэщІыкІыныр. А псоми бгылъэ щІыпІэхэм давленэ зэхуэмыдэхэр кьыщагъэхъэ. Давленэ щІэзэхуэмыдэ щІыпІэхэм жьапщэр щоудафэ. Апхуэдэм жьапщэхэм зэрранигъэу кьашэр тІуащІэ ящІ абыхэм зэрахьэ пкъыгъуэ цІыкІухэм: пшахъуэм, сабэм, уэсым, нэгъуэщІхэми. Жьапщэр нимэ, сабэ борэнхэр кьокъей. Абыхэм нэри, пэри, тхьэмбымрэ ящІ, Абы кьыхэкІкІэ пэр машхэ икІи кьопщ, Іупкэр мэгъыщ икІи зэгуоуд.

Бгы климатым ущІэзыхьымэ Іэмал зыбжанэ щІэщ. Апхуэдэщ, псалъэм папщІэ, напІэзыпІэм метр 40-60 зыкІу жьапщэм пщІэкІыр щэкІ щІатыпхъэр. ЖьагъэпщІэнкІэ ущІэгузэвэн щІыІэкъым жьапщэми псыми щымышынэ, хуабэри фІыуэ зыІыгъ щІыгъынхэм. Щы1эщ температурэм тещІыхьауэ зи фэр (теплъэр) зыхъуэжь щыгъынхэри. Щыуаем деж, апхуэдэ щыгъынэр нэхъ фІыщІэ мэхъу икІи дыгъэ хуабэу нэхъыбэ зыщІашэ.

Псом хэмыдэу зэранигъэшхуэ кьекъ кьуршым щІэ-щІэхьыурэ кьъщІес уэсым. ГущІэгъыншэщ икІи шынагъуэщ уэс борэнхэр. Абыхэм щІыпІэм щыхэІэтыкІауэ ит ильэпкъыщІауфэ: уэхэр, дурэшпІэрэшхэр, зэгуэчыпІэкэр ясей, жыгкэр, пкъокэр иращІыкІ, унэкэр, псэуалъэкэр зэтракъутэ, телефон, уэздыгъэ кІапсэкэр зэпафыщІыкІ.

Бгыхэм щытепщэ жьыбгъэкэр куэдкІэ нэхъ гъущэщ, тафэхэм щызэуэхэм нэхърэ. Километри 2 лъагагъым псыІагъэр хуэдитКІэ нэхъ мащІэ щохьу, километри 5-кІэ удэкІуеІмэ, абы хуэдиІ ЩкІэ хощІ, километри 6 лъагагъым адэкІэ щыІэ хьэуар гъущэ къабзэу жьыпІэкІэ щыуагъэшхуэ хъун хуейкъым.

Бгъуехьым хигъэзыхь Іэпкъльэпкъым дыгъэ бзий гъащІэм псы кэуэ фІегъэжьуэд. Абы кьыхэкІкІэ бауапІэкэмрэ Іэпкъльэпкъым щыщу щІэмыуфахэмрэ кьочэ, зэгуоуд, псом я лейуэ напэр, Іэгуэкр, тэмакьыр кьопщ, мэбэг, кьыщьчэри мащІэкъым.

Кьуршхэм дыгъэр щынэхэ гъащІэщ, ультрэмэрэ бзийкІэ зэджэри щынэхъыбзщ. АрщхьэкІэ уэсымрэ мыльымрэ ятепсэ дыгъэ бзийхэм кьанэ щІагъуэ щымыІэу хьэрщымкІэ ягъэзэжь, икІи апхуэдэ щытыкІэм абыхэм я къарум тІуащІэу ягъахъуэ. Абы кьеІэ щыху щыхфэр дыгъэм нэхъыбэрэ исыныр. Ар нэм зэран хуэкъу, уеблэмэ щыхур нэф щыхъу кьоЖъу. Кавказ бгырыскэм абы щхьэкІэ нэр дыгъэ бзий гуащІэм щызыхьымэ Іэмал-хэр куэд Іыанэдэрэкъагъэсэбэп: напІэжэр гъи хьжжьыгъэпсК

● Тхылъыщ1эхэр

# Ищ1эркъым къэувы1э

Адыгэ Республикэм, Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я цыхубэ тхак1уэ Мэшбащ1э Исхьэкъ тхыльеджэм лейуэ щебгъэц1ыхужкьи щы1экъым. Ар куэд щ1ауэ я ц1ыху и романхэмк1э, повестхэмк1э, усэхэмк1э, поэмэхэмк1э. Ауэ иджыблагъэ Мэшбащ1эм адыгэбзэкI1и урысыбзэкI1и къыдигъэк1а «Эзаными шэрхъ» тхылъыр усак1уэм и лэжьыгъэщ1э къудейкъым, ат1э нэхъапэм эзмылэжьа усыгъэ л1эужьыгъуэщ.

Сатыр пл1ырыпл1хэм адыгэ усыгъэм нэхъапэхэми дащыхуэзащ. Ауэ Мэшбащ1эр хущ1экъуащ е1ым и еплыкI1э, бгъэдыхьэк1э, хъэт1 щхьэхуэ мы усэ тхыкI1эм кьыхуигъ1этыну.

Лъэпкым игъащ1э лъандэрэ къыдегъуэгурыкI1у гупсысек1эуэ псалъэжь, жыл1эгъуэ хуэдэхэм эхъ купщ1эр аращ усэ сатырпл1хэм лъабжьэ нэхъыщхьэ яхуищ1ар, арэп адыгэбзэм дахэу эзэригъэшэрыуэфыр Мэшбащ1эм и тхылъыщ1эм-кI1э наIуэ кьытщищ1ащ.

Псалъэр мащ1эрэ гупсысэр бащ1эу - аращ мыпхуэдэ усэ л1эужьыгъуэм и нагъыщэ нэхъыщхьэр, аращ ар адыгэ псалъэжьхэм, жыл1эгъуэхэм гъунэгъу яхуэзыщ1ри.

П1экц, сатыр пл1ырыпл1ыуэрэ зэхэлъхьа усэхэр дунейпсо литературэм щыгъунэжщ.

Адыгэ литературэм абыхэм куэдрэ дащримы1ыхьэл1эми, ди усыгъэм ари и хамэкьым. Псалъэм папщ1э, апхуэдэ усэхэр итхыгъащ К1ыщокъуэ Алим. Гум ф1ы1ыгъэ, ди литературэм щыгъуэ, жыл1эгъуэхэр урысыбзэкI1э итхыжу Семэн Руслан къыдигъэк1ауэ зэрыщытари.

Мэшбащ1эм и сатырпл1хэм гъащ1эм и зэхэлъыкI1эм урагъэгупсыс, гуапагъэм, цыхугъэм, дахагъэм ухурадж, блэк1ар уигу кьагъэк1ыжри, кьэк1уэнумк1э уагъэлпл1э.

Езы усак1уэми зэрыжи1эщи, зэманым и шэрхъыр къэмыувы1эу мажэр, цыхури абы к1э л1ьокэр, кьыкI1эрыхуме, зэманым и щ1ыхуэ кьытехуэнк1э, и губгъэн кьихьынк1э шынэу.

«Зэманым дек1ыр л1ыф1щ» жыхуи1аращи, зэманым уек1уу, ауэ уи б л1эк1ами уемыпщ1ыжу, тхыдэм и дерсхэр зыл1эпумыгъэ хуу нобэрей дунейм утетыфын хуейщ. А гупсысэрщ тхылъым, тхылъым и мызакъуэу, ди гъащ1э псом и джэлэсыр.

«Зэманым и шэрхъ» тхылъыр мыин дыдэми, абы усак1уэм и творчествэм щы1эпщхуэ зэрыщиубыдынур шэчынш1эщ.

Адыгэбзэм щы1гъуу тхылъыр урысыбзэк1э кьызэрыдэк1ами мыхьэнэшхуэ и1эщ. Абы адыгэбзэк1э кьеджэхэм я мызакъуэу, нэгъуэщ1х эми яригъэльагъуфынуц сатырпл1 усэ л1эужьыгъуэм адыгэ усыгъэри зэрыхуэщэрыуэр. Тхылъыр урысыбзэк1э хъарзынэу зэриздзэк1ащ Твороговэ Валентинэ.

АБЗУАН Пщымахуэ.

## МЭШБАЩ1Э Исхьэкъ

### Зэманым и шэрхъ

**Уахъты к1эншэм и щ1ыхуэ пшынжьпхъэ**
**Стелъ хуэдэ, сыкI1эльбокэ зэман шэрхъым.**
**Сянэ итми, ищ1эркъым жьуэдыл1э,**
**Зэщ1эпт1ауэ, гъущ1ышыр щ1егъэ1э.**

### Уафэм игъуэщ1ыхьа пшэ хужь

**Пшэ хужьыр нибжьыц1эльщи уафэ лъащ1эм,**
**Егъэпе1ейтей мы си псэр псэку имыщ1эу...**
**Къурышщ1ыхэ лъагэкэм кьыщ1ежэх жьыбгъэ,**
**Щхьэ щ1ыпэр ноби гум и лъащ1эм щ1ыкъугъэ?**

### Дуней щэхум

**Пшапэр зэхэуэм, кьыщ1эжьынуц мазэр,**
**Псэхэр кьытхунгъэнэхуу, тхунгъэкъабзэу.**
**Уахъытыншэу итми уэгум мазэм и бзнир,**
**Мамыру псэуфыркъым зи мы дунейр.**

### Къару мыух

**Уахъытыншэ щ1эмытми мазэм и щ1агъым,**
**Гугъапп1эм зэи л1эжьин и мыгугъэ.**
**Зэгуэрым щэчыншэу сщ1ыхьунуц хьэкъ мыр:**
**Зи гугъэр мыухым мыухщ и къарур.**

### МафI э мыужьых

**Бжьыхьэ уэф1ым и мафI э дыхьэрэным**
**И бзий зэмыфэгъуэхэр зэбгредз щхьэжьнэу...**
**Ди бл1эк1ахэм щыщу кьытхуэнжьыр**
**И сахуэ закъуэрщ мафI э ужьыхьыжьым.**

### Шхуэ1у

**Къызатащи зы шы емыльыдж,**
**Ещ1ыр зэм нсльэмел, зэм мэудж!**
**Сыт хуэдиз и I эфIагъми щ1ал эгъуэм,**
**Сы1ыщ сыт щыгъун и шхуэ1ур нэхъ I эгъуэу.**

### Уэшхым сошэс

**Сытым щыгъуи согъэщ1агъуэ мы гупсысэр:**
**Дэнэ щы1э нобэм къэс си шы мыгъасэр?**
**Зэ1ыгъуэ схуэмыхьыжьыр щ1ыхьэщ1ыхьыу,**
**Сошэсыр уафэгъуагъуэ уэшхым!**

### Хэт къызэджар?

**Хэт а сымыщ1ыхуу сэ къызэджэу**
**Щ1ыхуэхэм хэпшэхъужьыр зэуэзэпсэу?**
**Арагъэнк1э хъуну щ1ауэ I эджэ**
**Епсэт1ьну кьи1ыхьъуар мы си псэм?**

### Тенджыз Фы1ц1эм сыщ1ыхэп1ъэк1э

**Тенджыз I уфэу псым щигъэ1ум и даущ**
**Аргуэру си гум кьыщокIыж си л1ьпкIыр -**
**Кьегъэзэжри тхьдэм, хэмыщ1ауэ щыщ -**
**Бл1эк1амк1э зэщ1е1ул1э си I эпкъгъэпкъыр.**

### Лъэхъэнипл1

**Мазэ пщ1ык1ут1ыр к1эншэу хэтщ и1ъэсым,**
**Лъэхъэнипл1у егъэшыжьыр мы дунейр.**
**Ахэм ящ1ыщу зы кьыхуэрыгъэ и псэм,**
**Пт1ьэк1ыфынукъым ук1уэну уи пщэдейм.**

### I эл1ъын

**Кьысщ1ыдыхьэщх, ухуейм сыкъэщ1 ауан,**
**Пхуэзгъэгъуфынущ, узолъагъури фы1уэ.**
**Ауэ мы си гугъапп1эм и I эл1ъын**
**Сэрыльар зг1ъэтыжырыкъым, к1уэдауэ.**

### Гугъапп1эм и пщ1ат1ъэ

**Щ1ымахуэр ик1ри, кьытхуэк1ащ гъэмахуэр,**
**Щ1ыр къоуфыжьыр, жейк1э зигъэнщ1ауэ.**
**К1ыфI ым хэтми, кьыщысценри нэхур,**
**Къэхъуакъым псэр гугъапп1э щызгъэщ1ауэ!**

### Къэблэжь уи I ыхъэщ

**Къыщ1ожьыр псынэр, псыежэх хъужыну,**
**Иужьк1э тенджызыщхуэм хэхуэжьыну.**
**Л1эщ1ыгъуэхэр зи ныбжь жыг ей абрагъуэр**
**Iуэжуншэм, йогъук1ыжьыр итрыгъуу.**

### Уафэ лъащ1эм и жыхапхъэ

**Жыг тхъэмпэр жьыбгъэм егъэщхъыщхьыр,**
**Къызэщ1еубыдэр жьым жыг щхьэк1эр.**
**Жыг щхьэк1э бапхъэр и жыхапхъэу,**
**Уафэм и лъащ1эр зэщ1епхъанк1э.**

### Джэрпэджэж

**Пщэдджьжь аргуэру кьыщ1эк1ынущ дыгъэр,**
**Ауэ сфIэмыльафIык иджы пшэк1ап1ъэр.**
**Сыдмэ пэтми, хэзмыхьыжь - гугъэр.**
**Джэрпэджэжьыщ кьыпэджэжьыр си псальэм.**

### Жьуджалэ

**Жьуджалэм кьыщежьыхьыр губгъуэм,**
**Къыщ1ыхуауэ п1эрэ Iхьэм и ней,**
**Щхьэегъэзэшп1э хужъун абгъуэ**
**Къыщ1ыльыхьуэу п1эрэ мы дунейм?!**

### Жыг закъуэ

**Жыг закъуэ, имыгъэщхьыу и щхьэр,**
**Щ1ытщ уардэу, губгъуэкэр къ1ипт1ыхьу.**
**Апхуэдэ жыгым, сымыдзыхэу,**
**Сопсыхри, си быр сэ и зэопхыр.**

### Си алъпыр

**Си гугъапп1э-гупсысхэзэр атыпырщ зэзгъэщхьыр.**
**Гъащ1э, кхъыI э, зэи абы ушымыхьэ.**
**Ар сфIэк1уэдмэ, ящ1э схуэхъунущ зэшыгъуэр,**
**Щ1алъэхъауэ кьысфI эщ1у нэгъуэщ1ым и губгъуэм.**

### Гъэмахуэ - бжьыхьэ

**Гъэмахуэ шыл э бадзэуэгъуэм**
**Дэ щ1ы1эт1ым дыщ1охьэупсыр.**
**Кьыдолъытэж гъэмахуэр игъуэу,**
**Бжьыхьэ уэт1ипсыт1ыр кьызэрысу.**

### Нэхъ иныр

**Жыгхэр, бгъыхэр, цыхухэм я нэхъ иныр**
**Сыт щ1ыгъуи занщ1эу нэхъ кьыуедзэр уи нэм,**
**Нэм кьыпхуэмыщ1тэу псэк1э кьулейсызыр**
**Нэхъ инхэм хуэзгуопыр угъурсыз.**

### Хамэ уэрэд

**Хамэ уэрэдыр фIэмы1эфIми ун псэм,**
**Тхъэк1уэм кьы1уэ защ1эм, уегъэжей.**
**Ауэ кьыпхунхьам хъыбар гущ1ыхьэ,**
**Жейм укъыхешри, ун псэм кьыпфIых окъэ.**

### Зыр уи мащ1эм, адрейр уи куэдщ

**Щ1алэ уи куэдмэ,**
**Уи куэдынщ нысащ1э,**
**Хъыджэбз уи куэдмэ,**
**Малъхъэ ущымыщ1э.**

### Гуащэ къафэ

**Нысащ1эр бзаджэуэ? Пщы зэрэзэщ1ар,**
**Жы1эт гуащэр къэзыгъэфэфар!**
**Кьек1ухьыр гуащэм гъапэпщ1ныуэ.**
**Кьнмыгъэушыну нысэ жейр...**

*Зыгъэхъэзырар* УЭРЭЗЕЙ Афликщ.

# Жьыми щ1эми я чэнджэщэгъу

Филологие щ1эныгъэхэм я доктор, профессор, Щ1эныгъэхэмк1э Дунейпсо Адыгэ Академием и вице-президент, КъШР-м и Тхак1уэхэм я союзым и гуащэ, Гуманитар къжу-тэныгъэхэмк1э Къэрэшей-Шэрджэс щ1эныгъэ институтым и адыгэ къудамэм и унафэщ1 Бэчыжь Лейл э адыгэ щ1ыпсэу щ1ынал ъэ куэдым кьыщац1ыху жылагъуэ л эжьак1уэ гумызагъэщ.

Бэчыжь Лейл э и щ1эныгъэ л эжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэнэт1ар адыгэ, абазэ, нэгъуей литературэхэм я гъэпсык1эмрэ зыужьык1эмрэ тетхыхьныырщ. Абы теухуауэ тхылъ, тхыгъэ куэд дыдэ кьыщ1эк1ащ Бэчыжьым и Iэдакъэм. Лейл э и нэ1эм щ1эту доктор диссертацэу пхагъэк1ар мащ1экъым, кандидат л эжьыгъэхэрщи - куэд мэзу.

Адыгэ бзыльхугъэ, жылагъуэ л эжьак1уэ гуащ1афI э Бэчыжь Лейл эдэнэ щ1ыпI э щ1ыпсэу адыгэхэм - хэхэсхэми хэкурысхэми - я гушхуап1эщ, жьыми щ1эми я чэнджэщ1эгъуэ, узэщ1ак1уэщ, кьыдэк1уэтей щ1эб л эм я щапхъэщи, дяпэк1и и узыншагъэмрэ гукъыдэжьмрэ Тхъэм кьыхупищэ.

●Япэ итхэр

● Тек1уэныгъэ-65

# «Сыт уи псэук1э, ди нэхъыжь?»

**Апхуэдэ фIэщыгъэц1э зи1э зэ1ущ1э иджыблагъэ щек1уэк1ащ Налшык дэт «ХъуакI у» лицейм. «Искож» къэбл эм щыщэу нэхъыжьхэм щыщу зэ1ущ1эм кьрагъэблэгъауэ къек1уэфар мащ1э дыдэми (ахэр Князевэ Верэрэ Щохьужь зэщхьэгъусэхэу Абусуфинрэ Тамарэрэщ), абы зыкърагъэхъэл1ат Епъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмк1э министерствэм и къудамэм и унафэщ1 Дохъуанокъуэ Iринэ, и унафэщ1 Сунш Заудин, егъэджак1уэхэмрэ еджак1уэхэмрэ.**

ЫХЬИЩУ зэхэта зэ1ущ1эр къызэзыгъэпэща егъэджак1уэ Андырхъуэй Лани и дерсым и яп э Iыхьэр щ1ыхубз усак1уэ щ1эрыI уэ Друнинэ Юлие триухуат. Зауэ гъуэгуанэм и гугъу щащ1к1э, щ1ыхухьухэрщ нэхъ зытепсэлъыхьыр. Ланэ и дерсымк1э к1ыгъэльэгъуэну хуейт щ1ыхубзым зауэм щ1ыубыда увыпI эр. 1941 гъэм езым и жэрдэмк1э Юлие зауэм зэрык1уам, уI эгъэ хьуахэм ядэI эпыкъуе медсестрауэ зэрыI утам, апхуэдэ щ1ык1эк1э псэ куэд кьызэрыригъэлам, зэригъэгуфIам тепсэльыхьащ ныбжьыщ1эхэр.

Ет1ан э Iыхьэр ветеранэм теухуат. З1ущ1эм хэта нэхъыжьхэм жэуап ирагащ ныбжьыщ1эхэр зыщ1эущ1ащхэм, ягу кьагъэк1ыжащ зауэм щыщу я нэгу щ1эжл а тепльэгъуэхэр.

- Етхуанэ классыр къэуха къудейуэ, зауэр къэхъеят, - игу кьегъэк1ыж Щохьужь Абусуфян. - Еджап1эр къэдгъанэри, дылъжьэну колхозхэм дызэбгращащ. А зэманхэм хиубыдахэм, шэч хэлькъым, щ1ыI эр, щыгъынымдж эр, мэжащ1эл1агъэр, нэгъуэщ1 гугъуехь куэди зэрагъэзам. Къуажэхэм кьыдэнар нэхъыбэу жьык1эфэк1эхэмрэ сабийхэмрэт. Ауэ абыхэм зауэл1хэр къаэрыщыгугъыр, тек1уэныгъэр езыхэми зэрелъытар ящ1эрти, сыт хуэдэ л эжьыгъэми пэльащ1ыт. ЗэрыгурыI уэгъуэщи, ц1ыхубзхэр ц1ыхухъуэ I энат1эхэм пэрыувэн хуей хъуащ.

Щохьужь Абусуфян тепсэльыхьащ зауэ нэужьым л эжьыгъэу и1ахэм, Налшык къал э администрацэм егъэбыдыл1а Зауэмрэ л эжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Советым ноби зэрыхэтым, мыпхуэдэ зэ1ущ1э къызэзыгъэпэщ1ахэм ф1ыщ1э зэрахуищ1ыжи1ащ.

Еджак1э псалъэ зрата Князевэ Верэрэ Щохьужь Тамарэрэ зэ1ущ1эр кьызэзыгъэпэща щоми ф1ыщ1э хуащ1ащ и к1и сабийхэм схъуэхъуащ къэралым, лъэпкым хущхьэпэу мамыру, узынш1эу куэдрэ псэну.

Ещанэ Iыхьэр нэгуэныжьыт. Еджак1уэхэр усэхэм гъэхуауэ къеджащ, къэфак1уэ ныбжьыщ1э Андырхъуэй Аленэ къэфащ, ветеранхэр вальси адыгэ къафи къагъэфащ, нэхъыжьхэми нэхъыщ1эхэми зэдежьууэ зауэ уэрэдхэр жа1ащ.

Апхуэдэу ветеранхэм саугъэт л эпI эхэмк1э я хуэупсащ, ерыскъы I эни къыхуащтащ. К1ыхэгъэщ1ипхъэщ а зэ1ущ1эр зыхуей хуэдэу къызэгъэпэщ1ыным лицейм и унафэщ1 Сунш Заудин мылъку зэрыхухнар.

*Тхыгъэри суратри зейр*
**ТАБЫЦ Динарэщ.**

● Хъуэхъу

***Налшык щыпсэу, лэжьыгъэм и ветеран Гуэщ1окъуэ (Гъыдэ) Раисэ Болэт и пхъур къыщ1ыхуэ махуэщ, и ныбжьыр ильэс 70 нобэ прокъури, дохъуэхъу!***

Пщ1э зыхуэтщ1, ф1ыуэ тльагъу Раисэ лэжьак1уэ гуащ1афI эу к1эгъуэгурык1уэ адыгэ цыхубз щыпкъэщ. «Колосок» сабий сад №47-м и методист лэжьыгъэм пэрыту ильэс 40-м нэблагъэк1э ар цыкI уэм яхэтащ. Адэк1э и ныбжь нэсу пенсэм к1уэху КъБР-м Мэкъумэш техникэмк1э и къэрал комитетым и республикэ зэгухьэныгъэм кадрхэмк1э и къудамэм щыл эжьащ.

Нобэ зи махуэр зыгъэльапI э ди нэхъыжьыф1ым дынохьуэхьу уи узынш1агъэр быдэу, жьыгъэр кьыщ1эмыхьэу, гуфIэгъуэм ущымыщ1у, щ1ублэ насыпым удэбжьыф1эу, берычэтыр уи жьэгуу, кьыпхуигъэфэщ гъащ1эр гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэк1э гъэщ1агъуэ епхьэжьыну, иджыпсту хуэдэу мамэ щ1бэу, нанэ I эфIу, уи чэнджэщыр ди гъуазэу укьыт-щхьэщ1тыну ди гуапэщи, Тхьэм утхугнгъэпсэу!

*Срыкъ уэкэ Тимур, Мадинэ, Iэдэм, Самантэ, Аслъэн, Чэрим, Сэтэней.*

● Iэпщэрыбанэ

## Мамхэгьым и гъэсэнхэм я тек1уэныгъэ

**Мэзкуу щек1уэк1ащ милицэм и генерал-майор Воробьев Виктор и фэеплъу Iэпщэрыбанэмк1э еянэ дунейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэрал зэмылI эужьыгъуэхэм къик1а гуп 40.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым ик1ахэм яп э увыпI эр щагъбыдащ гуп зэпеуэм. Килограмм 90 зи хьэльагъхэм зэхьэзэхуэм пашэ щ1ыхъуащ Джэрэджэ Валерэ. Бэдракъ Аслъэн (кг 80) ет1уанэ увыпI эр иубыдащ, Шорэ Альберт (кг 70) жэз медалыр зы1эригъэхьащ. Ди щ1ал эхэр игъэхьэзырац Мамхэгъ Хьэчим.

Мэзкуудэсхэр гуп зэпеуэм ет1уанэ щ1ыхъуащ, Белоруссием къик1а командэр ещанэщ.

Мы зэхьэзэхуэм къыдэк1уэу, Голицынэ къ1эм щек1уэк1ащ «Чемпионхэм я кубок эр» къэхъыным теухуауэ Iэпщэрыбанэмк1э зэпеуэ. Абыи ди щ1ал эхэр къащ1ыхэжанык1ащ.

Килограмм 70 зи хьэльагъхэм я гупым ещанэ щ1ыхъуащ Хьуран Хьид, Чочаева Роман (кг 60) еп1ан э. Щ1ал ит1ри зыгъасэр Мамхэгъ Хьэчимщ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Къыдэпсэлъэфыркъым «Адыгэ псалъэр»

● Газетеджэм и гукъеуэ

Псэк1э адыгэу зызыл ъытэжхэм ящ ыщщ ди унагъуэр. Абы и нэщэнахэм ящ ыщ зыуи ф1ыуэ дол ъагъу ди анэдэл ъхуэзэмк1э к1ыдэк1 «Адыгэ псалъэ» газетыр, ди щ1эщ ыгъуэу сыт щ ыгъуи доджэ ик1и дыпопл ъэ ар къ ыщ1ытхуахьыну. Дыпэпл ъэк1и сыт - и чэзум к ъ ы з э р ы т I э р ы м ы х ь ж р э и ил ъэс нык ъуэм нэсащ.

АДРЕЙ хъыбарегъащ1э Iэмалхэм я мыхьэнэр зык1и зг1ьалъ ъхъыщ1эркъым, ауэ щ ы1эк1и адыгэ газетыр нэхъ т фI эхъэлэмэтщ. Абы идогъуатэ ди щ1ыналъэм, къэралым, хамэщ1ыпI эхэм къыщ ыхъу-къыщ ыщ1эхэм ятеухуа хъыбаркэр. Зэ1эпытхыу дызэджэу щ ыта «Адыгэ псалъэр» нэхъ ъ ащ ыным, нэгъуэщ1 мыхъумы, тхъэмахуэм т1эу хуэдизэрэ къытхуахьырт. Иджы, ильэсыщ1э л ъандэрэ, ар зэи и чэзум кьы-т1эрыхьэрэкъым, уеблэмэ къамыхьыхэуи жьыпI э хъунущ.

Дэ дызыхиубыдэр Щхьэлыкъуэ дэт чырбыш заводым и I эгъуэблагъэ куейрщ. Дызэгъэщ1ыл1а пощт I энат1эм и унафэщ1ыр Додуевэ Асэщ, ауэ пощт зехьэ ди I эжькъым, дгъэкъуэнщэнурэ тщ1эркъым. П1эжщ, яп эм газетхэр къытхуихьу щытащ Алиевэ Соня, ауэ и улахуэр зэрымащ1эм къыхэк1ыу ар л эжьап1эм I ук1ыжащ. Сыщ1эупщ1ати, ди къуажэ пощт зехьэхэм къахьыр сом 2600 - 2800-рэщ. Ари гурыI уэгъуэкъым, сыту жьыпI эмэ, къэралым щызек1уэ унафэм и пк1ъ ит к1э, л эжьап щ1эм я нэхъ мащ1эр сом 4300 хъун хуейщ. Сыт хуэдэ щхьэ-усыгъуэ и1эми, ф1ыуэ т л ъагъу ди л ъэпкъ газетым дыпагъэк1ащ. I э зыщ1эдза къыдэк1ы-гъуэхэр зэхуэхьэсауэ ныт хуахьыжк1э, сыт и ныхьэнэр?

Ди унагъуэм щ1эсхэм я закъуэкъым мы гукъеуэр зи1эр - пощт л эжьыгъэр тэмэму къыщ ыхьэмыгъэпэща нэгъуэщ1 хьэбл эхэм щ ыпсэуэмрэ я гурыгъуэщ къэс1эта I уэхур, Е т1уанэ ильэс ныкъуээми и I э тедзэгъуэр еух, яп э ильэс нык ъуэм и зы газет къыдэк1ыгъуэ дымыл ъагъ уурэ. ДигукI и ди псэк1и дыз ы1ухуэпабгъэ, ди хъыбарзэхьэ «Адыгэ псалъэр» «къ1удэпсэл ъэжьыфыркъым». Зыгъэрк1э сэбэн фыкьытхуэхьуфынч пI эрэ ар зи пщэрыл ъ I энат1эхэр?

**КЪАЩЫРГЪУ Мухьэдин,**
*КъБР-м и хабзэхъымэ органхэм я ветеран. Щхьэлыкъуэ къуажэ.*


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФ1ЫЩ1Э Мухьэмэд**

РЕДАКЦ1М И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэк1эмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ш1ирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущ1о Зариф, Кьардан Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

**ДИ ХЭЩ1АП1ЭР**

**360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и ц1эк1э щы1э уэрам, 5, еб1ауэ - епщ1анэ къытхэр.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмк1э, жылагъуэмр л ъэпкъ I уэхухэмк1э - 42-22-86; къуажэ гъащ1эмрэ экономикэмк1э - 47-22-63, 42-57-59; щ1ихабзэмк1э - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ I уэхущ1ап1эхэм я ядэлъэдыкымк1э - 42-60-53; хъыбарыщ1эхэмк1э, спортымрэ письмохэмк1э - 42-22-88; егъэджак1уэхэм щ1эныгъэмк1э - 47-32-15; зэдзэк1ак1уэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер I уэхущ1ап1эм - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщ1ыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта I уэхуигъэхэм я пэжагъымк1э аэрэ зытхаэм нэсу жэуап зхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я I уэху еп1ык1эр зэтеухуэ зэныт щ ыгъкъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьынир и пщэ дольщ федеральнэ пощт зэныщ1ынъхъэмк1э и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щ ынымк1э жэуап ех КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм щ ыгъэхъаэм и 16-м №Н-0065-м щ1эту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдок1.

1905 гъэм щ ыта Революцэм и щ1эр зезыхъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и ц1эк1э щ ы1э уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэк1ыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарь **Гъурыжь Мадинэ,** редактору **Ш1ирдий Маринэ,** корректорхэу **Щ1оджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Бацу ФатI инэ** *(3, 4-нэ нап.),* корректорхэм я дэ I эныкъуэгъу **Иуан Заирэ.** *Компьютерк1э газетым и тепльэр яц1ащ* **Дол Маринэ, Гъук1эл Рае, сурэтыщ1 Бицу Жанэ.**

**Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер I энат1эм щагъэхьэзырац.**

**Газетым I э щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1525**